



Pou Piblikasyon Imedya: 29/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE OTO-EKÒL KI GEN LISANS DMV YO KAPAB BAY KOU APRANTISAJ PRE-LISANS ADISTANS KOUNYE A

DMV NYS te bay oryantasyon pou oto-ekòl yo k'ap pèmèt yo bay kou Pre-Lisans lè yo sèvi ak teknoloji ki Etabli epi ki an sekirite, tankou Zoom, WebEx, Go To Meeting ak Skype

Kou aprantisaj adistans pral satisfè demann pou fòmasyon chofè yo pandan y'ap konfòme yo ak direktiv distans sosyal pliske kriz sante piblik COVID-19 la ap kontinye

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse tou ke oto-ekòl ki gen lisans DMV yo kapab bay kou aprantisaj Pre-Lisans adistans kounye a. Akòz kriz sante piblik COVID-19 la, oto-ekòl yo atravè eta a yo pa te kapab ofri kou pre-lisans lan ke yo rele tou kou senk èdtan an - pou etidyan yo. Nan mezi pou ka satisfè demann lan san danje pou fòmasyon pou chofè pandan y'ap respekte direktiv distans sosyal yo, Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) te bay konsèy pou oto-ekòl yo k'ap pèmèt yo bay Kou Pre-Lisans lè yo sèvi avèk teknoloji ki etabli epi ki an sekirite, tankou Zoom, WebEx, Go To Meeting ak Skype.

"Kòm nou ap kontinye etabli yon nouvo nòm, li enpòtan pou nou fleksib nan fason nou administre kèk sèvis ki gen ladan pwosesis pou jwenn yon pèmi kondui", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kou pre-lisans lan enpòtan pou Nouyòkè yo aprann kijan pou kondwi ak prekosyon, epi pèmèt oto-ekòl anseye kou adistans sa pral pèmèt kou yo rekòmanse san yo pa riske sante a ak sekirite sila yo k'ap patisipe."

Nenpòt oto-ekòl ki gen lisans DMV ki aktyèlman otorize pou anseye kou Pre-Lisans ak chwazi poubay kou a atravè teknoloji aprantisaj adistans ka fè sa imedyatman selon kondisyon sa yo:

1. Lekòl yo pa oblije chèche apwobasyon nan men DMV anvan yo aplike pou opsyon aprantisaj adistans lan, men yo dwe gen yon andosman Pre-Lisans ki valab pou bay kou yo epi anplwaye youn oswa plis pwofesè ki kalifye.
2. Pwofesè lekòl Pre-Lisans ki kalifye a dwe bay kou yo an dirèk, an tan reyèl, atravè sesyon videyo. Opsyon telekonferans lekòl la dwe prevwa entèraksyon ant pwofesè yo ak etidyan yo, fas a fas, menm jan si yo ta

nan yon sal klas tradisyonèl, men nan yon anviwònman vityèl. Yo pa pèmèt pwogram lojisyèl oswa pwogram òdinatè delivre kou a san yon enstriktè ki kalifye.

3. Etidyan yo dwe enskri davans epi prezante pèmi aprantisaj yo pou lekòl la ka idantifye etidyan an, asire ke etidyan an kalifye pou li pran kou a epi anrejistre enfòmasyon etidyan an jan li make sou pèmi an. Oto-ekòl yo dwe respekte tout direktiv aplikab pou distans sosyal Depatman Sante eta a ak jiridiksyon lokal yo pibliye, ak nenpòt restriksyon ki an mach ke New York Forward egzije, si enskripsyon davans lan fèt an pèsòn nan plas biznis lekòl la.
4. Nan moman enskripsyon an, lekòl la dwe bay elèv la enstriksyon ki eksplike egzijans pou patisipasyon ak achèvmman kou a, ki gen ladan nenpòt ki kondisyon teknolojik ke etidyan an dwe okouran de li.
5. Kourikoulòm ak kontni kou pre-lisans DMV apwouve yo dwe delivre anvan pwofesè a bay sètifika achèvmman kou MV-278 la. Otekòl yo dwe asire ke sètifikasyon achèvmman kou yo pibliye sèlman bay etidyan ki te konplete kou a, ki kalifye epi ki te idantifye pa Oto-Ekòl la nan moman enskripsyon an ak nan tout kou a. Lè yo fini kou a, yo pral poste pa lapòs sètifika a ke enstriktè a siyen an nan adrès ki sou pèmi kliyan an ak enstriksyon pou etidyan siyen li anvan yo pwograme yon randevou tès wout DMV.
6. Kou aprantisaj pa pral sijè a kondisyon apwobasyon nan salklas, men lye kote enstriktè a prezante dwe apwopriye, san distraksyon ak feزاب pou aprantisaj.
7. Lekòl la dwe kenbe dosye yo annakò avèk règleman yo, epi, nan ka ansèyman adistans, yo dwe kenbe ak anrejistre metòd ak livrezon enstriktè k'ap bay kou a.
8. Lekòl la ak enstriktè li yo k'ap itilize aprantisaj adistans yo responsab pou konsève sekirite ak vi prive elèv yo ak entegrite kou a nan paramèt yo ki nan lis pi wo a yo ak an akò ak tout lwa, règleman ak règleman ki gouvènè oto-ekòl yo, pwofesè oto-ekòl yo ak Kou Pre-Lisans yo.
9. Vyolasyon lwa, règleman oswa politik, ki gen ladan sa ki nan lis avi sa a, yo sijè a sispanasyon oswa revokasyon lisans oto-ekòl la ak sètifika pwofesè a.

Kesyon oswa enkyetid yo ta dwe al jwenn Inite Oto-ekòl DMV a nan DriverTrainingProgram@dmv.ny.gov oswa **(518) 473-7174**, Opsyon #3.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)